

Mèsi pou enterè ou nan Conservatory Lab Charter School!

Tanpri li enfòmasyon ak konsèy ki anba la a pou soumèt aplikasyon ou nan tiraj-osò admisyon yo.



Kimoun ki kapab aplike?

- Conservatory Lab Charter School aksepte aplikasyon pou **Klas Pre-Matènèl jiska 8yèm Klas**. Conservatory Lab pa pratike diskriminasyon akòz ras, koulè, kwayans, peyi kote ou fèt, gwoup etnik, relijyon, idantite seksyèl, preferans seksyèl, andikap mantal oswa andikap fizik, laj, zansèt, bezwen espesyal, konpetans nan lang Anglè oswa konpetans nan lang etranje, ladrès nan espò oswa siksè akademik anvan.

Kijan pou mwen aplike?

- Plen fòm aplikasyon sa a avèk anpil atansyon epi nan tout sa ki ladan, epi remèt li poukont ou oswa nan Sèvis Lapòs Etazini nan adrès:

**Conservatory Lab Charter School – Admissions
2120 Dorchester Avenue
Dorchester, MA 02124**

- Lekòl la p ap aksepte aplikasyon ou voye nan imèl ak/oswa nan faks.
- Lekòl la p ap aksepte aplikasyon ou pa plen nèt.
- Nou dwe resevwa aplikasyon yo anvan Midi, vandredi 27 fevriye 2015.

Kijan ak kilè m ap konnen si lekòl la te aksepte pitit mwen?

- N ap fè Tiraj-Osò pou Admisyon an nan Mèkredi 11 Mas 2015 nan Conservatory Lab Charter School. Menmsi nou aksepte moun ki aplike yo vin patisipe nan tiraj-osò a, prezans yo pa yon obligasyon pou admisyon yo. Si ou pa vle nou li non pitit ou oswa si ou pa vle nou di non pitit ou nan rezilta tiraj-osò piblik la, tanpri voye yon imèl pou mande pou nou "Retire" non li nan admissions@conservatorylab.org oswa voye demann ou pa lapòs ba "Admissions" nan Conservatory Lab Charter School, 2120 Dorchester Avenue, Dorchester, MA 02124.
- N ap voye avi pou rezilta tiraj-osò a ba tout moun ki aplike yo jedi 12 mas 2015.

KÈK TI KONSÈY pou aplike

- Mete tout enfòmasyon yo nan fòm aplikasyon an. Ekri an lèt detache kòrèkteman epi aklè.
- Verifye dat timoun nan fèt ak klas li kòrèk a 100%.
- Aplike pou klas pitit ou ap antre a nan mwa septanm 2015.
- Mete nimewo telefòn ki bon sèlman - tanpri ban nou plis pase yon nimewo telefòn ki bon.
- Asire adrès la egzat. Mete nimewo apatman ak 5 chif kòd postal la.
- Fè nou konnen *imedyatman* si adrès ou, nimewo telefòn ou (yo) oswa imèl ou yo chanje.
- Plen yon fòm aplikasyon apa pou chak timoun ki aplike pou lekòl la.
- Asire nou resevwa aplikasyon ou. Si ou pa resevwa yon konfimasyon ki endike nou resevwa aplikasyon ou, rele nimewo (617) 254-8904 pou verifye si enfòmasyon ou yo nan dosye nou pou tiraj-osò nou an.

Kisa pou mwen fè si mwen gen kesyon?

- Si ou gen nenpòt kesyon oswa si enfòmasyon pou nou kontakte ou chanje, tanpri kontakte nou. Pou fè sa, voye yon imèl ban nou nan admissions@conservatorylab.org oswa rele nou nan nimewo (617) 254-8904. Ou kapab tcheke sitwèb nou tou pou jwenn enfòmasyon yo nan www.conservatorylab.org.



ENFÒMASYON SOU ELÈV LA

_____	_____	_____
Prenon	Dezyèm Prenon	Non Fanmi
_____	_____	_____
Dat Nesans	Ti Gason oswa Ti Fi	Ras/Gwoup Etnik
_____	_____	_____
Vil Kote Li Fèt	Non Lekòl Li nan Moman an	Klas Li Ye nan Moman an (2014-2015)
_____	_____	_____
Adrès Postal	Vil/Eta/Kòd Postal	

ENFÒMASYON SOU PARAN/RESPONSAB LEGAL #1

_____	_____
Prenon	Non Fanmi
Sa li ye pou elèv la (fè wonn nan youn): Manman Bèlmè Papa Bòpè Granmè Granpapa Tant Tonton Lòt _____	
_____	_____
Telefòn nan Kay	Telefòn Selilè
_____	_____
Telefòn Travay	Imèl
Lang ou pito (fè wonn nan youn): Anglè Panyòl Pòtigè Kreyòl Ayisyen Mandaren Lòt _____	

ENFÒMASYON SOU PARAN/RESPONSAB LEGAL #2

_____	_____
Prenon	Non Fanmi
Sa li ye pou elèv la (fè wonn nan youn): Manman Bèlmè Papa Bòpè Grann Granpapa Tant Tonton Lòt _____	
_____	_____
Home phone	Telefòn Selilè
_____	_____
Telefòn Travay	Imèl
Lang ou pito (fè wonn nan youn): Anglè Panyòl Pòtigè Kreyòl Ayisyen Mandaren Lòt _____	

ENFÒMASYON SOU FRÈ/SÈ

1) Èske timoun nan gen yon frè oswa sè ki nan Conservatory Lab pou kounye a? Wi Non

_____	_____
Prenon	Non Fanmi

2) Èske timoun nan gen yon frè oswa sè ki aplike pou Conservatory Lab pou kounye a? * Wi Non
*Chak elèv ki aplike nan lekòl la fèt pou plen yon fòm aplikasyon apa.

_____	_____
Prenon	Non Fanmi

3) Pou ki klas lòt timoun nan aplike? _____

Lis tout enfòmasyon ki nesèsè

Mwen mete:

- 2 prèv adrès (yon dènye etadkont ki gen non ak dènye adrès la)
 - Egzanp: bòdwo sèvis piblik, prè ipotekè, dènye kontra lwaye, W2, fòm pewòl, etadkont kat kredi
- Si ou aplike pou K1*, ou dwe bay yon kopi batistè pitit ou.
*Pitit ou dwe gen **laj 4 ane** apati **1ye septanm 2015** pou antre nan **K1**.

Mwen plen tout seksyon yo nèt epi aklè.

Mwen, ki siyen anba la a, konfime enfòmasyon ki anwo a se enfòmasyon ki kòrèk ak konplè. Answit, mwen rekonèt se sèlman fòm aplikasyon ki ranpli yo ak si yo resevwa yo anvan dat limit vandredi 1ye fevriye 2015 k ap antre nan Tiraj-Osò Admisyon 2012-2016 nan Conservatory Lab. Mwen dakò pou yo li oswa pibliye non pitit mwen ak non mwen piblikman nan rezilta tiraj-osò piblik la.

Siyati Paran/Responsab Legal

Dat la

Tanpri Retounen Fòm Aplikasyon ou Plen an nan adrès:

Conservatory Lab Charter School – Admissions
2120 Dorchester Avenue

Pou itilizasyon administratif SÈLMAN: _____

Tiraj-Osò # _____

Aksepte Refize

Lisdatant # _____

Aksepte Refize

Aplikasyon #: _____

Moun ki resevwa li: _____

Moun ki note li: _____